



DEPATMAN SANTE MANTAL

DIREKTIV SOU KONTESTASYON: KLINIK

Kiyès ki ka depoze yon kontestasyon?

Yon desizyon DMH ki di yon aplikan pa apwouve pou sèvis DMH sou baz kritè klinik yo ka konteste, apati pwosedi yo Depatman an etabli epi ki prezante anba a, pa yon aplikan, Reprezantan Legalman Otorize (Legally Authorized Representative, LAR) aplikan an, si genyen, oswa yon moun aplikan an deziyen lè pa gen okenn LAR. Pèsonèl DHM la pral bay aplikan an non, adrès ak nimewo telefòn nesesè pou kòmanse yon kontestasyon.

Kijan yo depoze yon kontestasyon?

Yon aplikan ki vle konteste dwe bay enfòmasyon anplis pou sipòte anilasyon desizyon an pou pa otorize sèvis DMH yo:

Etap yo pou pwosesis kontestasyon an, nan lòd evènman, gen ladan:

- Konferans pou Rezolisyon:*** Yo ka mande yon reyinyon avèk **[ajoute non, nimewo telefòn ak/oswa adrès imèl Direktè Rejyonal oswa moun ki deziyen an]** **nan entèval dis (10) jou ouvrab** apre dat ou te resevwa notifikasyon ki di sèvis DMH yo pa te apwouve. Reyinyon sa a pèmèt aplikan an poze kesyon ak rezoud pwoblèm yo. Aplikan an ka mennen lòt moun nan reyinyon sa a, si li vle.

Yon akò ant aplikan an ak deziyen DHM la ka anile *Konferans pou Rezolisyon* an. Nan sitiyasyon sa yo, kontestasyon an pase nan yon *Kontestasyon Klinik Rejyonal* (gade anba).

- Kontestasyon Klinik Rejyonal:*** Si *Konferans sou Rezolisyon* an te anile, oswa si aplikan an toujou pa satisfè avèk desizyon ki vin apre *Konferans sou Rezolisyon* an, aplikan an ka depoze yon avi kontestasyon alekri avèk **[ajoute non, nimewo telefòn ak/oswa adrès imèl Direktè Rejyonal la]** **nan entèval dis (10) jou ouvrab** apre konklyzon *Konferans pou Rezolisyon* an oswa akò pou anile a.

Avi kontestasyon alekri a dwe deklare baz kontestasyon an, epi gen ladan nenpòt enfòmasyon anplis ki ka sipòte yon anilasyon desizyon an. Direktè Medikal Rejyonal la ka mande yon evalyasyon fas-a-fas ak/oswa enfòmasyon adisyonèl jan sa nesesè.

Direktè Medikal Rejyonal la dwe bay yon desizyon alekri nan **entèval ven (20) jou ouvrab** apre dat resepsyon kontestasyon an, evalyasyon fas-a-fas, oswa resepsyon evalyasyon oswa enfòmasyon adisyonèl sa yo jan Direktè Medikal Rejyonal la ka te mande sa, amwenske gen yon konsantman mityèl Direktè Medikal Rejyonal la ak moun k ap fè depo *Kontestasyon Klinik Rejyonal* la ki pwolonje tan an.

- Odyans San Patipri:*** Si Direktè Medikal Rejyonal la pa anile desizyon an, aplikan an ka konteste desizyon Direktè Medikal Rejyonal la nan mande Komisè DMH la pou yon *Odyans San Patipri*. Yon petisyon pou yon *Odyans San Patipri* dwe soumèt bay Komisè a **nan entèval ven (20) jou ouvrab** apre resepsyon desizyon Direktè Medikal Rejyonal la.

Ofisyen odyans lan dwe bay yon desizyon nan entèval 20 jou ouvrab apre fèmti odyans lan. Nan entèval 15 jou apre resepsyon rekòmandasyon ofisyen a, Komisè a dwe pibliye yon desizyon.